



Lower Broadway – Alford Street Transit Priority Corridor

Patisipe avèk nou nan yon Reyinyon Piklik a Distan

Visite MBTA.com/BroadwayAlford
para ver este folleto
en español.

Por favor, visite MBTA.com/BroadwayAlford
para ler este panfleto
em português.

Tanpri vizite MBTA.com/BroadwayAlford
pou jwenn feyè sa a
an Kreyòl Ayisyen.

Vui lòng truy cập MBTA.com/BroadwayAlford
để xem tờ rơi này bằng
tiếng Việt.

يرجى زيارة الرابط
MBTA.com/BroadwayAlford
لاطلاع على هذا المنشور
باللغة البرتغالية.

Nan kad pwogram pwojè Better Bus Project (Pi Bon Bis) ak Bus Transit Priority (Priorite Transpò Bis), MBTA asosye l ak Meri Everett ak Meri Boston pou pwojè Lower Broadway - Alford Street Transit Priority Corridor (Koridò Priorite Bis Lower Broadway – Alford Street).

Pwojè sa a pral pèmèt nou kreye yon nouvo vwa ki rezève pou bis, enfrastrikti separe pou bekàn ak enfrastrikti pou pyeton ant Sweetser Circle nan Everett ak Sullivan Square nan Charlestown.

Patisipe avèk nou nan yon reyinyon piblik pou pataje enfòmasyon

**Jedi 19 Mas 2026,
soti 6:00 – 7:30 PM**



**Ekip pwojè a pral prezante yon apèsi sou
pwojè a ak premye plan konsepsyon yo.
Pral gen moman pou kesyon.**

Tanpri enskri pou reyinyon an la a:



Aprè w fin enskri, w ap resevwa yon imèl konfimasyon ki gen yon lyen pou antre nan reyinyon an. Reyinyon sa a ap anrejistre e n ap poste l anliy pou moun ki pa kapab patisipe.

Pral gen sèvis entèpretasyon a distans disponib pou lang Espanyòl, Pòtigè ak Kreyòl Ayisyen. Pou lòt aranjman oswa demann asistans lang, tanpri kontakte BetterBusProject@mbta.com. Demann yo ta dwe fèt rapid nan nivo sa posib, omwen senk jou ouvab anvan reyinyon an.

Karakteristik Pwojè a ak Avantaj li pou Kominote a

- **Yon sèvis transpò piblik ki pi rapid, pi konfòtab, pi fyab** pou kominote k ap devlope nan Everett ak Charlestown yo. Zòn sa yo pral akeyi talè konsa anpil lojman, stad foutbòl ki prevwa fèt nan Everett ak lòt nouvo enfrastrikti ankò.
- **Nouvo platfòm anbakman pou bis** yo ak amelyorasyon nan aksesibilite, sa gen ladan platfòm ki pi wo, enfòmasyon a tan reyèl ak yon sinyalizasyon amelyore
- **Vwa bis nan de direksyon**, k ap pèmèt Liy Ajan 3 (Silver Line 3, SL3) vin disponib ant Chelsea ak Sullivan Square
- **Vwa Bekàn Separe**
- **Enfrastrikti pou Sekirite Pyeton**

Plis Enfòmasyon

Aprann plis sou MBTA.com/BroadwayAlford
Voye kesyon w yo ak kòmantè w yo bay:

BetterBusProject@MBTA.com



**Enskri pou jwenn mizajou
nan imèl ou**